

Bibliyotèk Piblik Philadelphia se yon espas piblik ki fèt pou resevwa tout moun, epi li vrèman kwè nan favorize konesans ak patipasyon kominote a. Tout 54 bibliyotèk nou yo ofri yon kote ki an sekirite pou moun ki gen tout laj epi ki soti tout kote, yo bay èd pou fè devwa lakay yo, kou pou Aprann Lang Anglè, èd pou chèche travay ak anpil lòt bagay ankò. Nou ankouraje epi anime konvèrsasyon sou diferans yo ak pwoblèm sosyal ki konplèks yo. Bibliyotèk la egziste pou bay opòtinite pou gen diskisyon ki baze sou resous edikatif yo, pou bay aksè ak yon bann enfòmasyon, ansanm ak lide ki ka transfòme kominote yo, ki louvri lespri yo, epi k ap ankouraje patisipasyon tout moun.